**दिन–गुरूबार** **दिनांक–14.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु उनासीयम स्वतंत्रता दिवसक पूर्व संध्या पर आइ राष्ट्र के संबोधित करतीह। ई संबोधन सांझ सात बजे सँ आकाशवाणीक समूचा राष्ट्रीय नेटवर्क पर प्रसारित होयत। आकाशवाणीक क्षेत्रीय नेटवर्क पर राति साढ़े नओ बजे सँ क्षेत्रीय भाषा मे एकर प्रसारण होयत। दूरदर्शनक सभ चैनल पर सेहो हिन्दी आ पुनः अंग्रेजी भाषा मे राष्ट्रपति के संबोधन प्रसारित कयल जायत। एकर बाद दूरदर्शनक क्षेत्रीय चैनल द्वारा क्षेत्रीय भाषा सभ मे सेहो एकर प्रसारण कयल जायत।

---

आइ विभाजन विभीषिका स्मृति दिवस अछि। वर्ष उन्नैस सय सैंतालीस मे अजुके दिन भारतक विभाजनक घोषणा कयल गेल छल। आजुक दिन विभाजनक दरमियान लोक सभ के भेल पीड़ा आ असहनीय कष्ट सभ के स्मरण ओ अनुभव करबाक दिन अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे ई दिन हमर सभक इतिहासक ओहि दुखद अध्यायक दरमियान अनगिनत लोक सभक द्वारा झेलल गेल उथल–पुथल आ दर्द के स्मरण करबैत अछि।

---

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि दिल्ली मे लाल किलाक प्राचीर सँ राष्ट्रीय ध्वज फहरौताह आ राष्ट्र के संबोधित करताह। वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारतक सरकारक दृष्टिकोणक अनुरूप एहि वर्ष स्वतंत्रता दिवस समारोहक विषय अछि नया भारत। एहि वर्ष स्वतंत्रता दिवसक समारोहक दरमियान ऑपरेशन सिंदूरक सफलताक उत्सव मनाओल जायत।

---

स्वतंत्रता दिवस पर काल्हि पटनाक ऐतिहासिक गांधी मैदान मे आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार ध्वजारोहण करताह आ परेडक सलामी लेताह। पटनाक गांधी मैदान मे आयोजित परेड मे बिहार पुलिस, सीआरपीएफ, आईटीबीपी, बीएमपी

होमगार्ड, एनसीसी आ भारत स्काउट्स एंड गाईड के जवान भाग लेताह। संगहि, बीस झांकी निकालल जायत। एम्हर, स्वतंत्रता दिवस के देखैत पूरा प्रदेश मे सुरक्षा व्यवस्था कड़गर कऽ देल गेल अछि। नेपाल सँ सटल जिला सभक सीमा के सील कऽ चौकसी बढ़ा देल गेल अछि।

---

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर काल्हि राज्यक सभ ग्राम पंचायत मे विशेष ग्राम सभाक आयोजन कयल जायत।

---

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर बिहारक पंद्रह पुलिसकर्मी के वीरता आ सेवा पदक सँ सम्मानित कयल जायत। गृह मंत्रालय जनौलक जे सात पुलिसकर्मी सभ के वीरता पदक दू पुलिसकर्मी के विशिष्ट सेवाक लेल राष्ट्रपति पदक आ छओ पुलिसकर्मी सभ के सराहनीय सेवा पदक सँ सम्मानित कयल जायत।

---

स्वतंत्रता दिवसक उपलक्ष्य मे राज्य मे हर घर तिरंगा यात्राक आयोजन कयल गेल अछि। बेतिया मे आयोजित तिरंगा यात्रा मे सांसद संजय जायसवाल सहित कतेको गणमान्य लोकनि सम्मिलित भेलाह। शेखपुरा, गोपालगंज, बेगूसराय, सुपौल आ शिवहर सहित आन जिला सभ मे सेहो तिरंगा यात्राक आयोजन कयल गेल अछि।

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण एसआईआर के दरमियान मतदाता सूची सँ हटाओल गेल पैंसठि लाख मतदाता सभ नाम सार्वजनिक करबाक आदेश चुनाव आयोग के देलक अछि। संगहि, न्यायालय कहलक जे जाहि कारण सँ नाम हटाओल गेल अछि। ओकर सेहो चर्चा कयल जाए, जाहि सँ एहि संबंध मे सुधारात्मक डेग उठाओल जा सकय। न्यायमूर्ति सूर्यकांत आ न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागची के पीठ आइ लगातार तेसर दिन एहि मामिलाक सुनवाई करैत कहलक जे चुनाव आयोग मंगल दिन धरि ई जनबए जे एसआईआर प्रक्रिया पारदर्शिता बरतबाक लेल ओ कोन डेग उठा रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना, वैशाली आ मुंगेर जिलाक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक हवाई सर्वेक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री एहि दरमियान अधिकारी सभ सँ राहत आ बचाव काज मे शीघ्रता अनबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय राजदक पूर्व विधायक राजबल्लभ यादव के नाबालिग के संग दुष्कर्मक मामिला मे बरी कऽ देलक। निचली अदालत हुनका एहि मामिला मे उम्रकैदक सजाए सुनौने छल।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता सँ वर्षाक क्रम जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान पटनाक अथमलगोला मे रिकॉर्ड दू सय छब्बीस मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे आइ बांका, भागलपुर आ किशनगंज जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त